



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSESYON NOUVO PÒTAY NAN PAK ETA  
MARSHA P. JOHNSON**

*Pòtay ònamental pou akeyi vizitè yo nan antre lari Kent Avenue/North Eighth*

*Jaden plant vivas amenajman peyizaj ak lòt espas vèt onore lanmou Johnson pou lanati*

*Reprezantasyon grafik lan disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konsepsyon preliminè pou yon nouvo pòtay nan Pak Eta Marsha P. Johnson nan Brooklyn. Pak la onore Marsha P. Johnson, yon fanm koulè Traseksyèl ki te yon pyonye nan mouvman dwa sivil LGBTQ+, ki te fèt 77 ane de sa jodi a. Pòtay la pral limite yon pwojè renovasyon ki koute 16.5 milyon dola ki fini ete sa a.

"Marsha P. Johnson te yon pyonye ki defann sa ki dwat, defye estatikwo an, epi chanje kou istwa a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan n ap selebre anivèsè nesans Marsha P. Johnson, Eta New York pral kontinye onore istwa li nan pak eta ki fèk renove sa a, kote n ap mete aksan sou mesaj li a epi pote li pou nouvo jenerasyon vizitè yo."

Pòtay ònemantal antre Kent Avenue/North Eighth Street pral akeyi vizitè yo nan pak la. Estrikti pòtay antre pak solid ak atistik sa gen entansyon kominike lespri ak eritaj Marsha P. Johnson epi li konplete pak la ak katye ki antoure a. Konsepsyon pòtay la pral kontinye an otòn 2022 epi fabrikasyon an pral kòmanse an 2023.

Pòtay la pral bati sou amelyorasyon ki fèk fini ki gen ladann yon nouvo amenajman peyizaj - ki gen ladann yon jaden plant vivas espès natif endijèn ak 'kolin 'Marsha' pou onore lanmou li genyen pou lanati; yon nouvo gazon ki gwo; plizyè douzèn nouvo pye bwa; chemen pèmeyab; nouvo mèb pou pak la; pano entèpretasyon pèmanan ki dokimante lavi, travay ak kominote Marsha a; nouvo pano sinyalizasyon nan tout pak la; ak yon gwo sistèm jesyon dlo lapli ki enpòtan nan tout sit la pou amelyore drenaj nan tout pak la.

Ane pase a, yon seri amelyorasyon ki te konplete te enkli yon nouvo kay pak ak twalt piblik, yon sal klas ak espas rasanbleman, ak espas antretyen pak ak kontak gad forè ansanm ak yon twati vèt; yon pasrèl pave renove ak aksesib depi nan 8èm antre Nò nan pak la; pano entèpretasyon preliminè ki onore lavi ak travay dwa sivil ak kominote Marsha P. Johnson lan; ak platfòm evènman an beton ki renove. Reparasyon ak rediksyon sifas evènman yo ak lòt peyizaj di yo te bay prèske mwate ekta espas vèt adisyonèl nan pak twa ekta a. Amelyorasyon yo te swiv yon gwo konsiltasyon ak kominote transeksyèl ak LGBTQ yo, lidè katye yo, fanmi Marsha a ak piblik la an jeneral sou konsepsyon pak la.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Enklizyon ak akseptasyon se objektif ke nou pran akè nan Pak Eta yo. Nouvo ak vèsyon amelyore Pak Eta Marsha P. Johnson se yon bèl egzanp sou fason nou ka akeyan ak ouvè pou tout moun, epi reflete istwa varye ak divès anpil moun ak kote nan Eta New York."

**Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare,** "Nouvo pòtay la se yon omaj apwopriye pou lavi ak eritaj Marsha P. Johnson, ki te sèvi kòm pyonye pou dwa sivil, espesyalman dwa LGBTQ+ yo, epi ki rete yon enspirasyon pou anpil Nouyòkè, espesyalman moun koulè transeksyèl yo. Mwen espere ke lè yon nouvo jenerasyon vizitè antre nan pòtay bèl konsepsyon sa a, yo pral raple yo sou kontribisyon ak sakrifis Marsha P. Johnson te fè pou avanse kòz enklizivite pou tout moun epi ede pote mesaj li a pou pi devan. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Komisè Erik Kulleseid, manm Konsèy Kominote 1 nan Brooklyn, epi sètènman zanmi ak fanmi Marsha P. Johnson, ki te jwe yon wòl enpòtan nan devlope pak sa a."

**Manm Asanble, Emily Gallagher, te deklare,** "Mwen tèlman fyè dèske distri North Brooklyn nou an se lakay bèl espas piblik litoral sa a ki onore eritaj Marsha P. Johnson ak lit kontinyèl pou liberasyon Nwa, omoseksyèl ak trans yo. Nan sa ki t ap 77èm anivèsè nesans li, Biwo Pak Eta New York la te revele yon konsepsyon solid reflechi, pou akeyi vwazen yo ak vizitè yo nan yon kote ki vrèman inik."

**Manm Konsèy Vil New York la, Lincoln Restler, te deklare,** "Tout moun merite pou yo santi yo akeyi yo nan espas piblik tankou pak yo, epi mwen kontan dèske eritaj Marsha P. Johnson pral kontinye onore kominote nou an atravè nouvo pòtay sa a."

**Direktè Adjwen pou Afè LGBTQ+ nan Chanm Egzekitif Eta New York la, Chanel Lopez, te deklare,** "Sa a se yon evènman ki tèlman istorik, yon pak ki fèt pou kominote a pa kominote a, epi ki pote non yon lidè ki pa pè. Marsha P. Johnson se yon moun nou konsidere yon pilye nan kominote koulè trans nou an, ak yon moun ki te kraze baryè pou yo ka wè ak tandè nou. Nou selebre ou! Mwen espere ou fyè de mouvman an."

**Jenna Frasier Bousye Edie Windsor, Marsha P. Johnson, ak Sylvia Rivera LGBTQ, nan Chanm Egzekitif Eta New York la, te deklare,** "Li enkwayab pou wè yon pak litoral ke yo te nonmen nan onè yon pyonye pou moun Nwa, omoseksyèl ak trans yo. Nou merite bote ak repo nan lavi nou, espesyalman pandan kominote nou an toujou ap goumen pou dwa nou yo, epi li santi li tèlman enpòtan pou nou jwenn yon kay pou

sa nan Pak Eta Marsha P. Johnson lan. Mwen kontan pou m onore eritaj li a epi pou m wè yo selebre li nan pak li a!"

Ansyen non li te Pak Eta East River, yo te chanje non etablisman an nan onè Marsha P. Johnson an fevriye 2020. Renome pou yon defansè fawouch pou dwa LGBTQ ak tretman VIH/SIDA, Marsha te yon lidè enpòtan nan Revòlt Stonewall lan an 1969 epi pita etabli yon abri nan Vil New York pou sipòte jèn LGBTQ ke fanmi yo te rejte yo. Li te fèt, 24 out 1945, e li te mouri yon fason mistè an 1992 a 46 zan.

Li te yon manm fondatè Fwon Liberasyon Omoseksyèl (Gay Liberation Front), ak yon aktivis avèk ACT UP, epi li te ko-fondatè Street Transvestite Action Revolutionaries (STAR) - ke yo te pral renome pita kòm Strategic Transgender Alliance for Radical Reform (STARR) - ansanm avèk Sylvia Rivera. Li te fèt nan New Jersey, Marsha P. Johnson te deplase ale nan Greenwich Village apre li te diplome nan lekòl segondè. Li te chanje difikilte ak lit li yo kont maladi mantal an yon aktivis pou lòt yo, nan patisipe nan manifestasyon avèk ACT UP epi nan fè sensibilizasyon sou epidemi VIH/SIDA nan Vil New York.

Pak litoral ki mezire twa ekta ki sitiye sou East River nan katye Williamsburg nan Brooklyn ofri vizitè yo yon bèl panorama sou orizon Manhattan, yon bèl zòn pou jwe, epi espas vèt la bay anpil optinite pou lwazi ak detant. Kòm sit yon waf anbakman 19èm syèk la, vizitè East River yo ka dekouvri tou rès inik istorik tankou ansyen lari pave ak ray tren ki enkòpore nan beton, ansanm ak yon pis pou chyen ak plaj popilè. Pak la prezève ak pwoteje anpil resous natirèl ak istorik sou litoral bèl vil sa a.

Pak la gratis epi ouvè pou piblik la, epi li atire apeprè 1.6 milyon vizitè chak ane. Anplis de bèl panorama sou East River ak Manhattan, pak la ofri plante preri endijèn nan mitan rès lakou tren istorik yo; lwazi pasif; piknik ak babekyou.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ansman bato ak plis ankò, ki te vizite pa plis pase 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov), telechaje aplikasyon mobil gratis [NY State Parks Explorer](#) a oswa rele 518.474.0456. Epitou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)